



**BAB V**  
**KACINDEKAN JEUNG SARAN**

**5.1. Kacindekan**

Dongéng anu aya dina buku Dongéng-dongéng sasakala terbitan taun 2006 nya éta “Hayam Kongkorongok Subuh” anu dijadikeun bahan panalungtikan. Responden dina ieu panalungtikan nya éta 40 urang. Éta siswa téh ditalungtik kamampuhna dina maca dongéng.

Dina panalungtikan ngeunaan kamampuh maca dongéng kapanggih hal-hal saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh awal (pratés) siswa kelas VII SMP YAPIDA dina maca dongéng katangen rata-rata peunteuna nya éta 6,27 Kamampuh maca dongéng dina pratés, nya éta samemeh ngagunakeun media gambar hasilna kurang nyugemakeun. Masih keneh loba siswa anu can mampuh dina hal maca dongéng. Dumasar kana aspék meunteun maca, masih aya kakuranganana boh dina aspék kualitas jeung lingkup eusi boh aspék maca séjéna saperti pamahaman eusi dongéng, artikulasi, intonasi, karakter sora jeung kakuatan sora.

Kamampuh ahir (pascaté) siswa kelas VII SMP YAPIDA dina maca dongéng téh katangén rata-rata peunteuna nya éta 7,35. Katitén aya parobahan tingkat kamampuh

siswa maca dongéng. Hasil maca dongéng bisa kasebutna geus nyugemakeun téh katitén tina siswa nu leuwih merhatikeun sarta ningkatkeun deui kana maca dumasar kana aspek-aspek maca nu geus aya. Ku kituna, kakurangan sarta kasalahan-kasalahan dina pratés aya parobahan katitén geus ngurangan. Dumasar kana éta hal ngaronjatna kamampuh siswa maca dongéng sabada ngagunakeun media gambar leuwih éféktif.

- 2) Aya bedana anu signifikan antara kamapuh awal (pratés) jeung kamampuh ahir (pascatés) sabada ngagunakeun média gambar, katitén tina hasil uji hipotésis data pratés jeung pascatés anu nuduhkeun yén ( $t_{itung} > t_{tabel} \ 9,83 > 2,62$ ). Ku kituna, hipotésis ieu panalungtikan nya éta media gambar bisa ningkatkeun kamampuh siswa maca dongéng kelas VII SMP YAPIDA bisa dipaké.
- 3) Pangajaran maca dongéng ngagunakeun media gambar pikeun ningkatkeun kamampuh siswa maca dongéng kelas VII SMP YAPIDA téh éféktif.

Nengetan pedaran di luhur bisa dicindekeun yen kamampuh awal (prates) maca dongeng rata-rata penteuna nya eta 6,27. sedengkeun kamampuh ahir (pasca tés) maca dongeng rata-rata penteuna nya eta 7,35. katitén aya parobahan anu ngaronjat. Jadi, maca dongéng ngagunakeun média gambar téh leuwih éféktif.

## 5.2. Saran

Dumasar tina hasil panalungtikan, baris dipedar sababaraha saran anu mudah-mudahan aya mangpaat pikeun kamajuan sakola dina mekarkeun stratégi diajar ngajar hususna dina kaparigelan maca dongéng.

Ieu di handap saran-saran anu aya patalina jeung panalungtikan,

1) Saran pikeun guru

- a) Pikeun ngahontal tujuan pangajaran maca dongéng, guru salaku nu ngadidik kudu bisa ngawanohkeun dongéng-dongéng anu hade sarta miboga ajén anu alus, sangkan bisa jadi conto hususna keur siswa SMP.
- b) Pikeun ngarojong kana pangajaran maca dongéng, guru kudu ngeuyeuban deui buku-buku pangajaran nu aya patalina jeung dongéng.
- c) Guru kudu leuwih kréatif dina milih media pangajaran nu luyu jeung matéri anu baris ditepikeun, sangkansiswa leuwih daria diajar hususna dina pangajaran maca bisa ngurangan, patalina jeung ieu panalungtikan, hal di luhur téh bisa mangaruhan kana maca siswa.

2) Saran pikeun Siswa

- a) Siswa dipiharep daék maca karya sastra hususna dongéng, sangkan leuwih wanoh kana karya sastra sabudeureunana, tur bisa ngajén kana karya sastra nu dibaca.
- b) Siswa masih mikabutuh bimbingan ti guru pikeun ngamotivasi sangkan bisa ngirut siswa leuwih resep maca dongéng.
- c) Siswa sawadina ningkatkeun deui kamampuh macana, sabaab maca mangrupa salah sahiji aspék kaparigelan maca anu bisa ningkatkeun kamampuh tur poténsi anu aya dina dirina.

3) Saran pikeun panalungtik séjén

- a) Dipiharep hasil panalungtikan ieu, jadi motivator pikeun panalungtikan séjéna.
- b) Ka sakumna ahasiswa anu rék nalungtik ngeunaan karya sastra, hususna dongéng, dipiharep bisa ngawilah-wilah dongéng anu luyu jeung bahan pangajaran (bisa diwanohkeun ka siswa hususna SMP YAPIDA).

